



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 14 novanm 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INISYATIV FUZEHUB POU EDE KONPAYI FABRIKASYON DEVOPE AKTIVITE KOMÈS YO

Nouvo resous 24/7 pral pi byen konekte fabrikan ak solisyon teknoloji Eta New York

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a lansman FuzeHub, yon nouvo platfòm resous kolaborasyon ki devlope pou stimile kwasans izin fabrikasyon Eta New York. FuzeHub gen kòm objektif pi byen konekte ti konpayi ak mwayèn konpayi ak yon pil ak yon pakèt resous teknoloji Eta a, tankou pwogram New York Manufacturing Extension Partnership (MEP) lan, inivèsite, òganizasyon devlopman ekonomik, ak lòt pwogram eta a pou ede biznis sa yo relve defi, kap ankouraje inovasyon epi pote devlopman ekonomik ak kreyasyon dyòb.

“Inisyativ FuzeHub la chita sou travay Eta a pou l kreye yon anviwonman komès ki pèmèt konpayi fabrikasyon pwospere nan New York,” te deklare Gouvènè Cuomo. “FuzeHub reyini tout prensipal resous teknoloji nou yo anba yon sèl chapo pou pèmèt konpayi jwenn san pèdi tan epi ak fasilite espètiz ak resous enpòtan. Fabrikan se poto mitan anpil kominote nan New York, epi lè yo travay byen, tout Nouyòkè rekòlte benefis yo. Inisyativ sa pral stimile inovasyon, stimile kreyasyon dyòb epi devlope konpayi atravè eta a.”

FuzeHub ofri yon nouvo fason pou konpayi konekte dirèk ak espètiz yo bezwen 24 sou 24 lè yo voye demann yo sou entènèt sou www.fuzehub.com. Yon ekip santral tekniyen ak pwofesyonèl fabrikasyon pral reponn nan 48 èdtan epi travay ak konpayi yo atravè diskisyon pèsònèl andirèk pou idantifye pwoblèm yo genyen onivo komès epi bay koneksyon ki bon pou yo ak yon ekip espè ak resous spesifik yo bezwen.

Inisyativ sa ki gen finansman federal te devlope nan yon tèt ansanm ak Empire State Development’s Division of Science, Technology & Innovation (NYSTAR) ak U.S. Department of Commerce National Institute of Standards and Technology (NIST). Platfòm wèb FuzeHub la – ki devlope nan yon konpayi Eta New York ki fenk louvri, [Rock the Deadline](#) – te prezante jodi a nan reyinyon otòn NYSTAR la nan Rensselaer Polytechnic Institute, ki te reyini prèske 100 reprezantan pwogram li yo a atravè eta a, san konte Centers of Advance Technology (CAT) li yo; Centers of Excellence (COE); Regional Technology Development Centers (RTDC); High Performance Computing Program (HPC) ak lòt patenè NYSTAR.

Haitian Creole

Prezidan, Direktè Egzekitif ak Komisyonè Empire State Development, Kenneth Adams, te patisipe nan reyinyon NYSTAR la atravè telekonferans jodi a epi te di konsa, “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo epi nan tèt ansanm ak patenè inivèsité ak ekonomik nou yo atravè eta a, nou kapab itilize FuzeHub pou pi byen konekte ak biznis fabrikasyon nou yo epi founi resous yo bezwen pou reyisi ak devlope. Nouvo zouti pisan sa gen kapasite pou l pote gwo kantite asistans Eta dirèk bay konpayi ki bezwen sa epi nou mande prese prese pou tout patenè NYSTAR nou yo itilize yo pou ede kominike bezwen biznis Eta New York yo.”

“FuzeHub travay pou konpayi fabrikasyon. Se travay nou pou n konnen byen ki resous, ekipman, espètiz ak kapasite ki disponib, bon mache ak fyab. Pwofesyonèl teknik ak fabrikasyon nou yo jwenn epi konekte konpayi ak solisyon ak resous ki fèt pou yo, epi nou disponib nan chak etap wout la—andirèk ak pèsònèlman. Objektif nou se akselere kwasans ak aksè pou konpayi sa yo epi n ap goumen pou nou reprezante yon fason rapid ak efikas pou konpayi jwenn solisyon yo bezwen,” te deklare Direktè Devlopman Teknoloji NYSTAR la, Matt Watson, kap sipèvize inisyativ la.

“FuzeHub ofri yon ekselan mekanis entegrasyon pou Eta New York leve kokenn investisman nan espètiz ak atou teknoloji kolektif; epi kominike ak kominote ki nan sektè a ak kominote komès yo Entegrasyon rapwoche sa pèmèt tout pati konsènen yo ranpli misyon pa yo ak plis efikasite —kèlkeswa se transfè teknoloji nan sektè a, depwaman sèvis ak sipò pou òganis devlopman ekonomik sible, oubyen plis sous inovasyon ak opòtinite investisman wo nivo,” te deklare Direktè NYSTAR, Ed Reinfurt.

Senatè Peyi Etazini Kirsten Gillibrand te di konsa, “Inisyativ FuzeHub la se kalte efò tou nèf nou bezwen pou devlope ak ranfòse fabrikasyon nan tout New York. Fabrikan nou yo ranfòse ekonomi nou an pandan 20yèm syèk la, epi pral reprezante motè pou alimante ekonomi nou an nan 21yèm syèk la. Li lè pou nou wè ‘Made In America’ ankò isit nan New York, epi patenarya ki gen finansman federal sa ak eta a pral pote resous ak sipò enpòtan pou remanbre bèl kominote fabrikasyon New York, kòmanse nouvo biznis, epi kreye plis travay ki ka soutni fanmi isit lamenn kote nou bezwen sa plis.”

Kongrèsman Eliot Engel te di konsa, “Eta New York se yon kote pou fè komès, ak yon baz endistriyèl ki deja tabli, yon kapasite teknolojik kap devlope, ak yon mendèv fòme ak diplome. Kreye yon enklab pou ankouraje plis kwasans se yon fason pou New York devlope. Washington ta gen enterè pou l swiv egzanp New York.” Rep. Engel se yon ansyen manm House Energy and Commerce Committee.

Kongrèsman Paul Tonko te di konsa, “New York toujou devan nan fè pwogrese travay fabrikasyon sektè prive a ak mak Made In America a. FuzeHub pral ede nou devlope misyon sa epi bay kreyasyon dyòb jarèt nan Rejyon Kapital la ak tou atravè tout eta a. M aplodi Gouvènè Cuomo pou pwogrè sa li fè ak patenarya piblik-prive sa, epi mwenn espere kontinye travay mwenn nan Kongrè a pou sipòte ti biznis epi devlope bon jan kalite dyòb ki byen peye.”

Anplis, inisyativ FuzeHub la gen ladann evenman Solutions Forum, ki se atelye pratik pandan yon demi jounen ki fèt nan tout New York pou kontakte ti fabrikan ak mwayèn fabrikan ak resous komèsyal ak teknoloji Eta a. Nan evenman sa yo, konpayi gen okazyon pou rezoud pwoblèm ak analize opsyon pèsònèlman ak espè yo envite, tankou moun ki soti nan prensipal pwogram rechèch, jeni ak konsepsyon

Haitian Creole

nan tout inivèsite rechèch New York ak espè ak òganizasyon nan komèsyalizasyon ak pwodiksyon nan New York. Plis pase 350 konpayi patisipe nan 18 Solutions Forums FuzeHub te òganize jiska prezan.

Grasa inisyativ FuzeHub la, Hudson Valley Technology Development Center ak Center for Economic Growth (MEP Center Rejyon Kapital la) fenk fè yon tèt ansanm pou founi asistans bay ThermoAura, yon konpayi Nanoteknoloji ak Teknoloji-Pwòp ki fenk louvri nan Rejyon Kapital la. Men rezilta yo jiska prezan: yon investisman \$300.000 nan ThermoAura yon gwoup investisè nan zòn lan; asistans pou chwazi sit nan Rejyon Kapital la; ak yon atelye fabrikasyon an plizyè etap epi konsepsyon pwosesis ak amenajman ak dat finisyon ki fikse pou otòn 2013 pou reponn kòmman yon kliyan.

“Mete konpayi an nan nivo sa pa t fasil,” te deklare fondatè ThermoAura a, Doktè Rutvik Metha. “Nou te panse tranzisyon soti nan laboratwa pase nan yon nivo komèsyal tap senp; sepandan, nou te dekouvri nou te bezwen espètiz FuzeHub ofri a.”

Pou jwenn plis enfòmasyon sou FuzeHub, tanpri vizite www.fuzehub.com oubyen kontakte Laura Mann, Direktè Estrateji ak Operasyon, nan laura@fuzehub.com.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418